



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TEMPLE PARK PRAL RE-OUVRI APRÈ TÈS  
KONPLÈ TÈ A REVELE KE PAK LA AN SEKIRITE POU UTILIZASYON PIBLIK LA**

*Aprè rapò resan yo, ajans eta yo te teste nivo plon nan tè pak la epi yo te jwenn li satisfè nòm sekirite federal ak eta yo*

*Depatman Sante, Konsèvasyon Anviwònmanal, ak Sèvis Piblik evalye lòt sit ak pwochen etap yo*

*Eta a kontinye kolekte rapò envantè konpayi telekominikasyon yo sou kab ki gen plon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Temple Park nan Wappingers Falls an sekirite pou re-ouvri apre analiz tè a montre nivo plon satisfè nòm sekirite eta ak federal yo pou zòn jwèt timoun yo. Pak la te fèmen tanporèman pa pridans akòz rapò medya yo ki sijere te gen nivo plon ki wo nan tè a ki soti nan ansyen kab ayeryen ki gen plon ke konpayi telekominikasyon yo te kite. Analiz syantifik Eta a pa jwenn okenn prèv ki montre kontaminasyon plon ki wo oswa ki gaye toupatou nan zòn echantiyon an. Egzamen plizyè ajans sou potansyèl pou kab telekominikasyon ki baze sou plon nan kominote Eta New York la ap kontinye.

"Administrasyon mwen an pral toujou pran aksyon rapid pou asire kominote nou yo an sekirite ak rapò sou potansyèl menas sante piblik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan anonse ke nou konfime ke Temple Park an sekirite pou itilizasyon piblik epi n ap kontinye investigasyon nou an nan tout eta a pou asire sante ak sekirite kontinye nan kominote nou yo."

Nan [rapò final](#) li, ankèt DOH pou pran echantiyon tè a pa jwenn okenn prèv ki montre kontaminasyon plon ki wo oswa ki gaye toupatou nan zòn echantiyon an, epi rezilta yo sijere pa gen okenn prèv ki montre ekspozisyon oswa risk sante piblik siyifikatif pou moun k ap itilize pak la. DOH ak DEC ap kowòdone avèk Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an epi yo te konseye Vilaj Wappingers Falls pou re-ouvri pak la.

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Gras ak aksyon rapid ekspè nan Depatman Sante (Department of Health, DOH), Depatman

Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), ak Depatman Sante Konpòtmantal ak Kominotè (Department of Behavioral and Community Health) Konte Dutchess, nou kontan rapòte ke Temple Park nan Wappingers Falls an sekirite pou itilizasyon piblik la. N ap kontinye revizyon nou nan tout eta a pou detèmine si gen lòt zòn ki gen enkyetid, epi si genyen, n ap pran aksyon imedya pou asire sante tout Nouyòkè yo pwoteje."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "An repons a rapò sou kab plon istorik nan Temple Park la, ajans Eta New York yo te fè patenarya ak Konte Dutchess ak Vilaj Wappingers Falls pou avanse rapid yon plan echantiyon konplè. Rezilta echantiyon Eta a ta dwe bay paran yo ak rezidan Wappingers Falls yo lapè nan tèt yo ke vizitè pak yo an sekirite kont ekspozisyon plon. DEC kontinye travay kole ak Depatman Sante ak Depatman Sèvis Piblik la, ak patnè lokal yo pou byen evalye risk potansyèl ki genyen nan kab plon epi pran aksyon ki nesèsè pou pwoteje kominote yo ak anviwònman an."

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Sekirite piblik se yon misyon prensipal pou Komisyon an epi mwen fyè de vitès ajans eta yo ak patnè konte yo te fè tès ki nesèsè yo pou satisfè manda sa a epi apeze enkyetid kominote a. Nou pral kontinye travay ak patnè nou yo pou pran aksyon ki nesèsè pou pwoteje kominote yo ak anviwònman an."

Plon rive natirèlman prezan nan tè, ak nivo tipik plon nan tè a varye ant 50 a 400 pati pou chak milyon (parts per million, ppm). Anplis de sa, plon an yo ka jwenn li nan penti nan ansyen kay, pousyè, lè, dlo, tè, ak nan kèk pwodwi yo itilize nan ak alantou kay nou. Penti ki baze sou plon nan kay anvan 1980 yo se kontribitè prensipal nan nivo plon nan san ki elve lakay timoun yo. Limit akseptab pou zòn jwèt pou timoun yo, pou chak nivo gid tè EPA, fikse nan yon maksimòm 400 ppm. Tout echantiyon sof youn ke DEC ak DOH te kolekte nan Temple Park ak nan zòn ki tou pre yo te genyen plon ki pi ba pase sa a. Sèl sa ki depase a, ki nan 410 ppm, li te lokalize sou wout la ak andeyò zòn jwèt la epi li pa prezante yon enkyetid pou timoun oswa piblik la an jeneral.

Vennsenk echantiyon tè diskre yo te pran nan ak otou Temple Park, yo te voye yo nan Wadsworth Center Eta New York ki renome mondyal pou analiz spèkwrofotometri absòpsyon atomik flanm lè yo sèvi avèk metòd 7000B EPA. Efò sou teren yo te fè referans nan dènye rapò medya yo te itilize yon enstriman teren, ki se yon zouti pòtatif yo rele yon machin XRF, pou fè yon tès depistaj sou plas pou plon nan pak la. Zouti sa a itil pou rezon tès depistaj; sepandan, rezilta yo ta dwe konfime ak analiz laboratwa ki pi egzak sou echantiyon tè yo. Eta New York te mande epi yo pa te bay yo okenn done oswa analiz laboratwa ki te fèt nan kad rapò medya resan yo.

Nan dat 20 jiyè 2023, [Gouvènè Hochul te anonse](#) Eta New York ap revize lòt kote ki genyen kab istorik ki gen plon pou yon pwoblèm potansyèl. DOH, DEC, ak DPS te bay lòd pou 246 founisè telekominikasyon ki baze sou enstalasyon Eta a pou yo fè yon envantè sou prezans kab ayeryen ak ki antere, alafwa sou tè a ak anba dlo, ki gen plon

atravè New York. Nan kèk semèn k ap vini yo, konpayi telekominikasyon yo dwe bay yon envantè konplè sou kab ayeryen ak kab ki antere ki gen plon ki posede pa konpayi an pou alafwa kab ki toujou itilize pou bay sèvis ak kab ki pa itilize ankò men yo poko retire yo.

DOH, DEC, ak DPS pral sèvi ak enfòmasyon sa yo pou evalye nesosite pou lòt etap, tankou idantifye nenpòt kote ki sansib pou priyorize plis investigasyon, epi yo pral kenbe kominote yo enfòme pandan efò sa yo ap avanse.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418